

DEPATMAN LOJMAN PIBLIK AK DEVLOPMAN KOMINOTÈ (PHCD)
PWOGRAM LOJMAN PIBLIK
Ouvèti Lis Datant 2024

KESYON MOUN POZE SOUVAN (FAQ) - REVIZE

1) ÈSKE MWEN ELIJIB?

Tout moun ki gen laj 18 an oswa plis elijib pou yo soumèt yon aplikasyon pou Lis Datant Lojman Biblik 2024 Lojman Biblik ak Devlopman Kominotè (PHCD) Konte Miami-Dade la.

Nan moman seleksyon an, aplikan yo dwe ranpli kondisyon pwogram nan ak limit revni pou moun lakay yo ke Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) te etabli yo. Men limit revni pou ane 2024 la:

KONTE MIAMI-DADE – LIMIT REVNI POU AF 2024 - Apati 1ye avril 2024								
Konpozisyon Fwaye a	1	2	3	4	5	6	7	8
Revni Anyèl Fwaye a	\$ 63,550	\$ 72,650	\$ 81,700	\$ 90,100	\$ 98,100	\$ 105,350	\$ 112,600	\$ 119,900

2) KILÈ YO AP AKSEPTÉ APLIKASYON?

Pwosesis soumisyon aplikasyon pou Lojman Biblik 2024 la pral kòmanse madi 15 oktòb 2024 a 12:00 a.m. (Minui) e li te pwolonje jiska lendi 11 novanm 2024 a 11:59 pm.

Nou pap aksepte okenn aplikasyon anvan oswa apre peryòd sa a. Aplikasyon an ap disponib ann anglè, kreyòl ak panyòl.

3) KIJAN MWEN KAPAB SOUMÈT APLIKASYON MWEN?

Kòd QR

Nou pral aksepte aplikasyon pou **Lis Datant Lojman Biblik 2024** Lojman Biblik ak Devlopman Kominotè (PHCD) Konte Miami-Dade la **SOU ENTÈNÈT SELMAN** nan <https://miamidadevoucher.myhousing.com> oswa lè w itilize kòd QR ki parèt la a.



Moun ka soumèt aplikasyon yo pa mwayen òdinatè, tablèt, telefòn entelijan, oswa nenpòt lòt aparèy ki konekte sou entènèt. Ou dwe gen aksè a entènèt pou w ranpli aplikasyon anliy la. Pwosesis anliy la pèmèt moun aplike nenpòt lè oswa nenpòt kote ki bon pou yo, kèlkeswa orè travay yo epi li elimine bezwen pou moun kanpe nan liy byen long. Moun ka soumèt aplikasyon yo pa mwayen telefòn selilè, òdinatè, tablèt, oswa nenpòt lòt aparèy ki kapab konekte sou entènèt. **PAP GEN OKENN APLIKASYON DISPONIB SOU PAPYE NI NOU PAP AKSEPTÉ YO.**

4) E SI MWEN PA GEN AKSÈ A ENTÈNÈT?

Si ou pa gen aksè a entènèt oswa ou pa gen yon aparèy pou w konekte epi pou w soumèt aplikasyon an epi si w bezwen èd pou w ranpli demann ou anliy, ou ka ale nan youn nan lokal ki make anba la a ant 15 oktòb 2024 e 11 novanm 2024, lendi rive vandredi, soti 9:30 a.m. rive 5:30 p.m., eksepte jou ferye.

Lokal kote gen Asistans Teknik

- Bibliyotèk Prensipal – 101 West Flagler Street, Miami, FL 33130
- Sikisal Bibliyotèk Model City – Caleb – 2211 NW 54th Street, Miami, FL 33142
- Community Action and Human Services – Rev. Edward T. Graham / Miami Gardens – 16405 NW 25th Avenue, Miami Gardens, FL 33054
- Community Action and Human Services – Naranja – 13955 SW 264th Street, Naranja, FL 33032
- Community Action and Human Services – Accion – 970 SW 1st Street, 4th Floor, Miami, FL 33130
- Community Action and Human Services – Culmer – 1600 NW 3rd Avenue, Miami, FL 33136
- Community Action and Human Services – Edison – 150 NW 79th Street, Miami, FL 33150
- Community Action and Human Services – Florida City – 1600 NW 6th Court, Florida City, FL 33034
- Community Action and Human Services – Frankie S. Rolle / Coconut Grove – 3750 S. Dixie Hwy, Suite 117, Miami, FL 33133

5) KI ENFÒMASYON KI NESESÈ POU RANPLI APLIKASYON AN?

Tanpri, mete enfòmasyon annapre yo disponib pou chèf fwaye a (HOH) ak pou tout lòt manm fwaye a.

- Non konplè
- Sèks
- Dat nesans
- Ras
- Etnisite
- Nimewo Sekirite Sosyal
- Estati veteran
- Adrès postal, nimewo telefòn, ak adrès imel aktyèl
- Estati andikap ak/oswa bezwen espesyal
- Bezwen aksesibilite pou antre nan inite lojman (egzanp: chèz woulant, pa tandé byen, pa wè byen)

Remak: Nou kolekte enfòmasyon sou etnisite ak ras pou rezon estatistik sèlman.

Pou plis enfòmasyon epi pou w aplike vizite: www.miamidade.gov/publichousing

6) ÈSKE MOUN KI GEN ANDIKAP KAPAB JWENN ASISTANS POU EDE YO RANPLI YON APLIKASYON?

Wi, moun ki gen adikap ka mande konsèy pou ede yo ranpli aplikasyon an lè yo kontakte Sant Lokasyon pou Aplikan nan (786) 469-4300, ant 8:00 a.m. ak 5:00 p.m., lendi rive vandredi, eksepte jou konje.

7) KONBYEN APLIKASYON YO VA SELEKSYONE POU METE SOU LIS DATANT LAN?

Se sèlman 7,500 aplikasyon yo va seleksyoné pou mete yo sou lis datant lan.

8) SI MWEN SOUMÈT PLIS PASE YON APLIKASYON, ÈSKE M AP GEN PLIS CHANS POU YO SELEKSYONE MWEN POU METE M SOU LIS DATANT LAN?

Non, tout aplikasyon moun ranpli e soumèt pandan peryòd ouvè pou soumisyon demann yo va gen **menm opòtinite pou yo antre otomatikman nan pwoesisis chwa oaza ki fèt nan òdinatè, kèlkeswa dat oswa lè soumisyon an te fèt la.**

Aplikan ki soumèt plis pase yon (1) aplikasyon oswa ki bay deklarasyon ki twonpe moun oswa ki fo va diskalifye.

9) KILÈ PWOSESIS CHWA OAZA KI FÈT NAN ÒDINATÈ A PRAL FÈT?

PHCD konte mennen pwosesis chwa oaza ki fèt nan òdinatè a ant de (2) a twa (3) semèn apre fen preyòd soumisyon aplikasyon yo.

10) MWEN SANZABRI, ÈSKE MWEN GEN YON PREFERANS?

Wi. Aplikan ki resevwa yon nimewo klasman va gen priorite daprè kategori preferans annapre yo: 1) Deplasman akoz dezas natirèl; 2) Deplasman akoz aksyon gouvènman; 3) Sanzabri; 4) Veteran; 5) Vvolans domestik; ak 6) Preferans ALF pou moun ki gen 62 an oswa plis.

11) ÈSKE MWEN KAPAB PALE AVÈK YON MOUN SI MWEN GEN PLIS KESYON KONSÈNAN PWOSESIS APLIKASYON AN?

Wi. Apati madi **15 oktòb 2024**, ou ka kontakte Sant Lokasyon pou Aplikan Depatman Lojman Piblik ak Developman Kominotè Konte Miami-Dade lè w rele **(786) 469-4300** ant 8:00 a.m. ak 5:00 p.m., lendi rive vandredi, eksepte jou konje.

12) KIJAN MWEN KAPAB AKTYALIZE APLIKASYON MWEN?

Si w gen yon chanjman nan adrès, nimewo telefòn, revi oswa kantite moun nan fanmi an, tanpri enfòme Sant Lokasyon pou Aplikan nan lespas 10 jou ouvrab lè w rele 786-469-4300.

Si ou pa reponn notifikasyon nou yo, oswa lèt nou voye ba wou a tounen paske li pa ka delivre, NON OU VA SOTI SOU LIS DATANT LAN.

FÒ W KONNEN: APLIKASYON POU LIS DATANT LOJMAN PIBLIK LA GRATIS.

SA A SE SÈL LÈ KOTE OU KAPAB APLIKE. PHCD PAP JANM MANDE YON NIMEWO KAT KREDI OSWA EGZIJE YON RAPÒ KREDI POU OU KAPAB APLIKE.

SÈL SIT ENTÈNÈT POU MOUN APLIKE POU LIS DATANT LOJMAN PIBLIK LA SE:

<https://miamidadevoucher.myhousing.com>



PHCD pa fè diskriminasyon dapre ras, sèks, koulè, reliyyon, kondisyon marital, orijin nasyonal, andikap, zansèt, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl oswa ekspresyon seksyèl, sitiayson kòm yon viktim vvolans domestik, vvolans menaj oswa asèlman, sous revni, laj, gwosè s oswa sitiayson familial nan kad aksè, admisyon, oswa travay nan pwogram oswa aktivite lojman. Si ou bezwen yon entèprèt lang siy oswa materyèl nan fòma aksesib pou evènman sa a, rele 786-469-2155 omwen senk jou davans. Itilizatè TDD/TTY ka kontakte Sèvis Relè Florid nan 800-955-8771.